



# Fich Konsèy pou PHA sou Itilizasyon Resous Bwat Zouti Lwaye Minimòm lan

## Enfòmasyon sou kontèks la

Lwaye Minimòm lan se pi piti montan pou lwaye PHA ap fè yon fanmi peye. Li antre an fonksyon lè pèyman total lwaye fanmi an egal oubyen pi ba pase Lwaye Minimòm PHA fikse a. Fanmi ki ap peye Lwaye Minimòm lan ka benefisye yon Egzanpsyon pou pèyman Lwaye Minimòm lan si yo gen difikilte ekonomik. Yo ka mande yon egzanpsyon si yo gen nenpòt nan difikilte sa yo.

- Lè fanmi an pèdi aksè oubyen ap tann yo verifye si li elijib pou yon pwogram èd gouvènmantal
- Lè yo pral met fanmi an deyo paske li pa kapab peye Lwaye Minimòm lan
- Lè revni fanmi an bese akòz kèk sikonstans ki chanje ak si yo pèdi travay yo
- Lè gen lanmò nan fanmi an
- Lòt sikonstans PHA a oubyen HUD la mete

## Bwat Zouti pou kondisyon Demann pou Egzanpsyon Lwaye Minimòm lan akòz Difikilte Ekonomik.

Yon Bwat Zouti konplè pou kondisyon Demann pou Egzanpsyon Lwaye Minimòm lan akòz Difikilte Ekonomik disponib sou HUD Exchange. PHA yo dwe itilize zouti sa yo pou konekte epi kominike ak fanmi yo pandan entèraksyon regilye yo tankou lè admisyon an ak lè y ap reegzamine dosye yo chak ane. Bwat Zouti a gen ladan l materyèl sa yo ke ou ka telechaje epi pèsonealize non PHA a (li disponib tou nan plizyè lang):

- Fich Enfòmasyon
- Modèl sensibilizasyon pou akroche nan pòt ak kat postal
- Fòmilè Demann Egzanpsyon pou Difikilte Ekonomik (opsyonèl)
- Materyèl videyo enstriksyonèl

## Fich enfòmasyon

Fich enfòmasyon yo ba w yon gran deskripsyon jeneral sou kondisyon nesèsè yo pou Egzanpsyon pou Lwaye Minimòm lan ak Difikilte Ekonomik yo. Pèsonealize fich enfòmasyon an ak non PHA ou a jan yo mande sa a epi itilize fich enfòmasyon an pou enfòmè rezidan yo ak pèsone PHA a sou règleman pou Lwaye Minimòm lan ak Difikilte Ekonomik yo. Telechaje dokiman an, mete non PHA ou a ak lòt pwèn ou ka pèsonealize kote yo mande sa.

## Modèl Sensibilizasyon

Modèl sensibilizasyon pou akroche nan pòt yo oubyen kat postal yo ba ou nan bwat zouti a brèf epi fèt pou pèsonealize ak non PHA a epi ansuit pou yo distribye yo. PHA yo ka itilize materyèl sa yo pou pataje enfòmasyon sa ak rezidan lojman sosyo yo oubyen pou fè enfòmasyon sa rive sou rezidan ki pi difisil pou touche yo. Telechaje dokiman an epi mete non PHA ou a kote yo mande sa.

## Fòmilè Demann Egzanpsyon Pou Difikilte Ekonomik

PHA yo pa oblije gen yon fòmilè, fwaye yo tou pa oblije ranpli yon fòmilè pou mande egzanpsyon pou difikilte ekonomik. Fòmilè sa yo ba w nan bwat zouti a se yon metòd yo pwopoze ke PHA yo ka itilize pou dokimante epi evalye demann rezidan yo. Telechaje dokiman an epi mete non PHA ou a.

## Materyèl videyo enstriksyonèl

Nan kèk ka, yon brèf videyo oubyen yon fòmasyon ka yon zouti ki ka ede w rive epi enfòmè rezidan yo sou règleman pou Egzanpsyon pou Lwaye Minimòm lan ak pou Difikilte Ekonomik. Bwat zouti a gen ladan l yon brèf dyaporama yo kòmante ke PHA yo ka itilize nan divès okazyon pou enfòmè rezidan yo.

